

SD NEGERI KARANGREJEK 1

Kelas VI

Ulangan Bahasa Jawa

Materi : TEMBANG MIJIL

1. Guru lagu yaiku ...
 - a. cacahing gatra ing saben pada
 - b. dhong-dhinging swara ing saben pungkasaning gatra
 - c. cacahing wanda ing saben gatra
 - d. cacahing gatra saben gatra
2. Cacahing wanda ing saben gatra ing tembang, diarani ...
 - a. guru gatra
 - b. guru lagu
 - c. guru wilangan
 - d. guru tembang

Tembangngisor iki kanggo jawab soal nomor 3- 6!

Mijil Sekarsih

Slendro Pathet Sanga

2 5 6 6 . 6 i 2 1 3 2 . 0
E - man e - man ang - ger a - ywa na - ngis

6 i . 6 6 5 5 . 0
A - ngur a - ge - gu - yon

2 2 i 6 i 5 2 3 5 2 2 . 1 6 . 0
Sun o - pah - i ki - ti - ran kang ge - dhe

6 6 6 1 2 1 6 6 6 6 6 . 0
Ya - sa ni - ra Sang Hyang E - ning Ja - ti

2 2 2 2 2 2 . 0
I - lir i - lir si - lir

6 6 6 1 2 6 1 6 5 . 0
Su - mi - lir Hyang Ba - yu.

3. Ana katrangan 8a ing salah sawijining tembang Jawa, tegese ...
 - a. Cacahing wanda ana 8 lan guru wilangane a
 - b. Cacahing gatra ana 8 lan guru lagune a
 - c. Cacahing pada ana 8 lan guru lagune a
 - d. Cacahing gatra ana 8 lan guru wilangane a

4. Ing Tembang Mijil, gatra papat ana ...
 - a. 6 wanda
 - b. 8 wanda
 - c. 10 wanda
 - d. 12 wanda
5. Ing Tembang Mijil, gatra enem ana ...
 - a. 6 wanda
 - b. 8 wanda
 - c. 10 wanda
 - d. 12 wanda
6. Guru lagu Tembang Mijil ing gatra telu yaiku ...
 - a. a
 - b. i
 - c. u
 - d. e
7. Apa tegese tembung nora?
 - a. Jeneng
 - b. Metu
 - c. Sapa wae
 - d. Ora
8. Teges tembung tanpa wang – wang, yaiku ...
 - a. Ora keneng dingerteni wong liya
 - b. Ora pilih-pilih uwong
 - c. Ngecer-ecer wadi
 - d. Tanpa gendheng
9. Piranti kang isa kanggo wadhah banyu yaiku ...
 - a. wadi
 - b. sadhengah
 - c. genthong
 - d. ran
10. Wacananen tembung ing tabel iki!

No	Tembung	Teges
V	Denya	Sapa wae
X	Ran	Jeneng
Y	Mijil	Mlebu
Z	Wadi	Ora kena dingerteni uwong

Huruf kan nunjuk pasangan tembung lan tegese kang bener yaiku ...

- a. V lan X
- b. X lan Y
- c. Y lan Z
- d. X lan Z